



### **Kisa ki bay Grip la ?**

Enfliyanza (souvan yo rele l "grip") se yon maladi atrapan ki koze pa yon viris yo rele "Influenza". Senptom yo gen ladan yo lafyèb brid sou kou, tous, misk fè mal, tèt fè mal, nen koule, doulè nan gòj, ak feblès jeneral. Grip kapab koze tou dyare ak vomisman lakay sèten moun. Senptom yo kapab varye: yo kapab senp ou grav.

### **Kisa grip H1N1 2009 lan ye?**

Grip H1N1 2009 lan, yo te rele l "grip pòsin" anvan, se yon souch viris grip. Grip H1N1 2009 lan pwopaje menm fason an, li koze menm senptom yo e yo trete l menm fason ak grip sezònye a. Prensipal diferans ant grip sezònye a ak grip H1N1 2009 lan sè ke majorite moun yo pa gen iminite oswa pwoteksyon kont H1N1 2009 lan paske se yon nouvo souch grip. Paske yon ti kras moun gen pwoteksyon kont grip H1N1 2009 lan, plis moun kapab vin malad avèk kalite grip sa a.

### **Èske grip danjre?**

Li kapab danjre, sitou pou timoun piti yo, granmoun ki nan laj avanse, ak moun ki gen konplikasyon medikal. Majorite moun yo gen yon maladi senp sèlman ki dire 2 a 3 jou; toutfwà kèk ladan yo kapab devlope nemoni oswa lòt konplikasyon grav. Chak ane, grip lakòz plizyè milye moun entèn lopital nan Etazini.

### **Kijan grip pwopaje?**

Viris ki koze grip yo viv nan nen an ak nan gòj e yo pwopaje nan lè a lè yon moun ki enfekte estènye e, touse, oswa pale. Lè sa a, moun ki tou pre yo kapab respire viris la. Dabitid, senptom grip yo demare 1 a 3 jou apre yon moun respire viris la. Yon moun enfekte pi kontajye yon (1) jou anvan senptom yo kòmanse pou rive jiska 4 jou apre; toutfwà, kèk granmoun ak kèk timoun kapab pwopaje viris la pandan yon peryòd ki pi long.

### **Ki moun ki ta dwe pran vaksen grip?**

Vaksen grip se meye fason pou fè prevansyon grip. Gen de kalite vaksen ki disponib; youn ladan yo se yon piki (enjeksyon) yo bay nan bra e lòt la se yon esprey (spray) yo bay nan nen. Li nesèsè pou yon moun pran yon vaksen grip sezònye chak ane pou li kapab pwoteje. Yo prevwa ke pral gen yon bon estòk vaksen grip sezònye an 2009. Tout moun ki vle evite malad ak grip la ta dwe pran yon vaksen grip sezònye chak ane. Moun ki espesyalman siseptib a grip la, gen ladan yo fanm ansent, tout timoun ki gen plis pase 6 mwa laj, moun ki gen konplikasyon medikal, granmoun aje, moun k ap viv nan etablisman swen long dire, moun k ap pran swen moun ki prezante gwo risk pou grip (tankou ti bebe ki gen mwens pase 6 mwa laj ak moun ki bay swen sante yo), ta dwe pran vaksen grip sezònye a. Vaksen grip pa kapab bay yon moun grip, men sa pran de semèn apre yo vaksinen w pou w pwoteje. Asire w ke w pran lòt prekasyon pou pa atrape grip la pandan peryòd sa a.

Li enpòtan pou sonje ke vaksen grip sezònye a pa pwoteje kont grip H1N1 2009 lan. Vaksen grip H1N1 2009 lan ta dwe disponib vè mitan pou rive fen sezon otòn nan. Yo pa konnen ki kantite vaksen H1N1 2009 lan ki va disponib, e yo prevwa bay premye estòk yo a moun ki prezante plis risk pou H1N1 2009 lan (fanm ansent, timoun ki gen sis mwa oswa plis laj, granmoun ki gen pwoblèm medikal an soudin, ak manm sèvis sante/medikal). Baze sou enfòmasyon ki soti nan ka H1N1 2009 yo pou rive jounen jodi a, yo pa konside ke moun ki gen anpil laj yo prezante gwo risk pou H1N1

2009 lan. Yo prevwa ke vaksen an plis pou H1N1 2009 lan va disponib pou lòt gwoup pi ta nan sezon an.

### **Èske m ta dwe pran yon vaksen piki (enjeksyon) oswa yon vaksen esprey (spray)?**

Ou ta dwe pale ak yon founisè swen sante konsènan ki vaksen ki pi bon pou ou. An jeneral, piki grip la disponib pou nenpòt ki moun ki gen plis pase 6 mwa laj ki pa t gen yon reyaksyon alèjik sevè a kèk pati nan vaksen an (ze pa ekzanp), oswa ak yon premye dòz vaksen grip la. Tout moun ki gen yon istwa sendwòm Guillain-Barré (yon pwoblèm newolojik ra) ta dwe pale ak doktè yo anvan yo pran yon vaksen grip.

Spray grip la (kèk fwa yo rele li LAIV pou “Vaksen Enfliyanza Vivan Afebli”) li fabrike ak viris grip an vi, afebli, ki pa koze grip la. Spray la ke yo bay nan nen, se yon opsyon pou moun ki an sante, ki gen soti 2 pou rive 49 an laj e ki pa ansent.

### **Kijan m kapab anpeche pwopagasyon grip la?**

Gen anpil fason ou kapab ede anpeche pwopagasyon jèm yo.

- Kouvri nen w ak bouch ou ak yon moso twal chak fwa w touse oswa estènye . Apre sa jete moso twal ou sot sèvi a nan yon poubèl. Siw pa gen yon moso twal, estènye oswa touse nan pati anwo manch rad ou.
- Lave men-w souvan ak savon ak dlo oswa yon dezenfektan pou men a baz alkòl.
- Rete lakay ou lèw malad. Yo rekòmande pou w rete lakay ou pandan 24 rè apre lafyèw ou a fin tonbe (san medikaman pou redui lafyèw la). *Pou majorite moun yo, sa vle di rete lakay pandan omwen kat jou; retounen nan aktivite piblik anvan tan sa a kapab pwopaje enfeksyon an a lòt moun.* Evite kontak sere ak lòt moun, si l posib pou fè sa.

### **Kisa m ta dwe fè si m trape grip la?**

Dabitid, grip la dire 3 a 7 jou. Bwè anpil likid epi pran anpil repo. Yo kapab itilize medikaman tankou asetaminofèn oswa ibipwofèn pou soulaje-w ak fyèw lan . Asire-w ke-w suiv endikasyon ki sou anbalaj la pa rapò a laj moun k ap pran medikaman an. Pa bay timoun yo aspirin akòz risk Sendwòm Reye la, yon maladi ra men ki grav. Dekonjesyonan yo kapab ede soulaje yon nen bouche oswa presyon sinis lakay granmoun ak timoun ki gen plis pase 4 ran. Pale ak doktè w si senptom yo sanble yo sevè oswa y ap ogmante.

### **Èske gen medikaman mwen kapab pran?**

Le pli souvan, yo rekòmande medikaman antiviral yo pou moun ki prezante gwo risk pou yo devlope konplikasyon a pati de grip la. Se yon doktè ki dwe preskri medikaman sa yo. Medikaman sa yo pi efikas si yo kòmanse pran yo mwens pase 48 èd tan apre senptom yo kòmanse. Medikaman sa yo kapab redui senptom grip la e rakousi tan w fè malad la de 1 a 2 jou.

**Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte  
Komisyon Sante Piblik Boston  
Liy Sante Majistra a  
(617) 534-5050 oswa [www.bphc.org](http://www.bphc.org)**